Гуьмсан муниципальни к1оштан
«Гуьмсера йуккъера ишкол»

# Нохчийн меттан, литературин хьехархойн ишкольни методически цхьаьнакхетараллин 2024–2025-чуй дешаран шеран белхан хьесап



Гуьмсан муниципальни к1оштан
«Гуьмсера йуккъера ишкол»

«Ч1аг1йо»
ишколан директор
М.С. Алиева
________________
30.08.2024 шо.

# Нохчийн меттан, литературин хьехархойн ишкольни методически цхьаьнакхетараллин

## 2024–2025-чуй дешаран шеран

## белхан хьесап



## Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ишкольни цхьаьнакхетараллин декъашхой

| Терахьийн рог1алла | Хьехархочун ц1е, ден ц1е, фамили | Дешна хилар | Муьлхачу классашкахь болх беш ву (йу) | Предмет | Белхан стаж | Разряд | Курсаш йаьхна хилар |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мутушова Малкан Хамзатовна | Лакхара. Н.П.У. | 8 Б,В,Г.<br>9 А,Б,В,Г | нохчийн мотт, литература | 26 шо. | 14 | 2024 шо. |
| 2 | Эскиева Лиза Кериевна | Н.П.Хь. И. | 6 А,Б,В,Г<br>7 А.8Г | нохчийн мотт, литература | 28 шо. | 14 | 2024 шо. |
| 3 | Малыкхаджиева Хадижа Мусаевна | Н.ПХЬ. И | 5а,б,в<br>7 Б,В | нохчийн мотт, литература | 2 | - | 2024 |



Анпал: «Терахьдешнийн дешаран хьолехь х1инцалерчу дешаран кхиар: анпал (проблема) кхиаран некъаш»

(«Перспективы развития современного образования Гудермесского муниципалного района в условиях цифровой образовательной среды: проблемы стратегия развития»).

1алашо: Хьехархойн х1окху заманан урок хьехаран говзаллин барам лакхабаккхар а, цара нохчийн мотт, литература хьехаран методика карайерзор а.

## Методически белхан коьрта декхарш:

- Ишколехь мах хадоран кепех пайда эцар дешаран дикалла лакхайаккхаран 1алашонца;
- хьехархочун хьехаран пох1ма, корматаллин-адмаллин кхиар (йиллина урокаш, корматалла-класс) схьаделлар;
- ишколехь, к1оштахь, республикехь д1ахьучу г1уллакхашна, конкурсашна, конференцешна дешархой йукъаозорца урокехь а, классал арахьа а хьехархочун кхетош-кхиоран нуьцкъалла ч1аг1дар;
- к1оштан методически ассоциацин декъашхойн бакъахьара хьехаран зеделлачун жам1 дар а, даржор а;
- нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзаменан кепехь д1ахьочу аттестацина дешархой кечбан хьехархойн 1илманан-методически болх вовшахтохар;
- дешархойн кхолларалин нуьцкъалла лакхадаккхаран 1алашонца хьехархочун хьехаран г1уллакхна керла дешаран технологеш йукъайалор;
- федеральни пачхьалкхан дешаран стандартийн керла методически материалаш 1амор;
- нохчийн меттан, литературин хьехархойн корматалла а, хаарш а лакхадахарехула белхан коьрта хьехаран зеделларг карладаккхар.

# Белхан чулацам

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпал-лениг | Отчетан кеп |
|---|---|---|---|---|
| | **Хьалхара кхеташо** | | | |
| 1 | Д1адаханчу 2023-2024-чуй дешаран шарахь нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин декъашхоша бинчу белхан жам1аш дар, карарчу хенахь хьалха льтта декхарш дийцаре дар. | 28.08. 2024шо. | ШМЦ куьйгалхо, хьехархой | ШМЦ кхеташонехь |
| 2 | Методически цхьаьнакхетараллин декъашхойн белхан программаш йийцаре йар, ч1аг1йар. | | | |
| 3 | Дешаран шарахь х1ор хьехархочо шена къасто хаьржина анпалш йийцаре йар, ч1аг1йар. | | | |
| 4 | 5-чу классехь коьрта йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан стандарташца дог1уш х1инцалерачу тенденцешца дог1уш дешаран предметан белхан прграмма х1оттор, цуьнца болх бар. | | | |
| 5 | Доклад:«Йуккъерчу йукъарадешаран хьукматан нохчийн меттан, литературин урокашкахь нохчийн меттан лексика 1аморан х1инцалера методически некъаш а, кепаш а». | | Мутушова М.Х | |
| 6 | Уьссалг1ачу классийн дешархоша нохчийн меттан экзамен д1айаларан жам1аш дийцаре дар. | | ШМЦ куьйгалхо, хьехархой | |
| | **Т1едиллар** | | | |
| 1 | 5–11-чуй классашкахь нохчийн меттан хьехарсахьташкахь дешархошка талламан белхаш йазбайтар (диагностически срез). | сентябрь | ШМЦ куьйгалхо, хьехархой | |
| 2 | Пхоьалг1ачу классашкахь норманийн барамашкахь йеша хааран мах хадор. | октябрь | хьехархой | |
| 3 | Йолхалг1ачу классехь диллина хьехарсахьт д1адахьар. | октябрь | Мутушова М.Х | |
| 4 | 9-11-чуй классашкахь ишколан (хьалхара мур) нохчийн меттан, литературин олимпиадаш д1айахьар. Толаме меттигаш йаьхначу дешархошца къаьстина болх бар. | ноябрь | ШМЦ декъашхой | |

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпал-лениг | Отчетан кеп |
|---|---|---|---|---|
| | **Шолг1а кхеташо** | | | |
| 1 | 5 – 11-чуй классашкахь нохчийн меттан хьехарсахьташкахь дешархоша язбинчу талламан белхийн (диагностически срез) мах хадор. | | ШМЦ куьйгалхо | |
| 2 | Пхоьалг1ачу классашкахь дешархошна норманийн барамашкахь йеша хааран мах хадор дийцаре дар. | | | |
| 3 | 9-чу классийн нохчийн меттан ПКЭ хаьржинчу дешархошца классал арахьа болх бар дийцаре дар. | 11.11. 2024 шо. | | |
| 4 | Доклад: «Нохчийн меттан, литературин урокашкахь къамел кхиорехь вайн заманан технологин г1ирсех пайдаэцар» | | Эрсебаева Хь.С. | МЦ кхеташонехь |
| 5 | 9-11-чуй классашкахь ишколан (хьалхара мур) нохчийн меттан, литературин олимпиадаш д1айахьар. Толаме меттигаш йаьхна дешархой к1оштан (шолг1а мур) олимпиадехь дакъа лаца кечбар дийцаре дар. | | ШМЦ декъашхой | |
| 6 | Йолхалг1ачу классехь д1адаьхьна хьехарсахьт дийцаре дар, цуьнан мах хадор. | | хьехархой, ШМЦ куьйгалхо | |
| | **Т1едиллар** | | | |
| 1 | 5-8 кл. дозуш долу къамел кхиор. | шеран дохаллехь | хьехархой | |
| 2 | Классал арахьарчу дешарх лаьцна произведении Харжа хаар. | ноябрь | хьехархой | |
| 3 | Дешархойн тетрадаш таллар т1ехь хьехархочун куьйгалла. | ноябрь | | |
| 4 | Районни олимпиадехь дешархоша дакъалацаран жам1аш. Нохчийн меттан а, литературан а йиллина урокаш билгалъяр, ч1аг1ъяр. | декабрь | Малыкхаджиева Х.М. | |
| 5 | Эхашеран белхан жам1 дар. | январь, февраль | хьехархой | |

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпаллениг | Отчетан кеп |
|---|---|---|---|---|
| | **Кхоалг1а кхеташо** | | | |
| 1 | Хьехарсахьташкахь дешарна ледара болу а, пох1малла долу а дешархой гучубахар а, цаьрца къаьстина бечу белхан методикин кепаш, некъаш дийцаре дар. | шеран дохаллехь | | |
| 2 | 9-11-чуй классашкахь к1оштан, республикин нохчийн меттан, литературин олимпиадаш д1айахьаран жам1аш дар, церан мах хадор. | | хьехархой, ШМЦ куьйгалхо | |
| 3 | Пхоьалг1ачу классашкарчу дешархойн талламан,кхоллараллин тетрадийн хьал дийцаре дар. | 13.02. 2025шо. | ШМЦ куьйгалхо | Ш.М.Ц кхеташонехь |
| 4 | Доклад: «Нохчийн меттан, литературин урокашкахь къамел кхиорехь вайн заманан технологин г1ирсех пайдаэцар». | | Шамурзаева Ж.А. | |
| 5 | Уьтталг1ачу, пхоьалг1ачуй, классехь д1адаьхьна диллина хьехарсахьташ дийцаре дар, церан мах хадор. | | хьехархой, ШМЦ куьйгалхо | |
| | **Т1едиллар** | | | |
| 1 | 5-11-чуй классашкахь дешархойн йеша хааран а, йешначу говзаран чулацаман план х1отто хааран а корматалла лакхарчу т1ег1ан т1е йаккхар. | шеран дохаллехь | хьехархой | |
| 2 | Хехарсахьташкахь дешархошна изложени йацйина йазйан хаар шардар, сочинени йазйеш йешначу текст т1ера а, дахарера а масалш дало хаар шардаран болх д1абахьар лакхарчу т1ег1ан т1е баккхар. | шеран дохаллехь | хьехархой | |
| 3 | а) борх1алг1ачу классехь диллина хьехарсахьт д1адахьар. | январь | Эскиева Л.К. | |

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпал-лениг | Отчетан кеп |
|---|---|---|---|---|
| | **Йоьалг1а кхеташо** | | | |
| 1 | 5-11-чуй классашкахь дешархойн функциональни а, йешаран а говзалла лакхарчу т1ег1ан т1е йаккхаран методикин некъаш дийцаре дар, мах хадор. | 05.04. 2024шо. | хьехархой, ШМЦ куьйгалхо | ШМЦ кхетащонехь |
| 2 | Хехарсахьташкахь дешархошна изложени йацйина йазйан хаар шардар, сочинени йазйеш йешначу текст т1ера а, дахарера а масалш дало хаар шардаран болх д1абахьар лакхарчу т1ег1ан т1е баккхар дийцаре дар, мах хадор. | | хьехархой, ШМЦ Куьйгалхо | |
| 3 | Доклад: «Нохчийн меттан, литературин урокашкахь фразеологизмаш а, церан маь1наш а дешархошна довзийтаран методикин некъаш а, кепаш а». | | Мутушова М.Х. | |
| 4 | Борх1алг1ачу классехь д1адаьхьна диллина хьехарсахьт дийцаре дар, мах хадор. | | хьехархой, ШМЦ куьйгалхо | |
| | **Т1едиллар** | | | |
| 1 | Ишколехь нохчийн меттан Де даздарна лерина нохчийн меттан к1ира д1адахьар. | 17-22.04. 2025 | ШМЦ куьйгалхо,хьехархой | |
| 2 | Дешаран шо чекхдолуш кхочушбечу талламан белхийн тексташ кечйар. Программица лара ца лучу, дешарна ледара болчу дешархошца къаьстина болх бар. | апрель | хьехархой | |
| 3 | Дешаран шарахь нохчийн меттан, литературин хьехарсахьташкахь функциональни, йешаран говзалла йукъайалош бинчу белхан таллам бар | апрель | ШМЦ куьйгалхо | |
| 4 | Уьссалг1ачу классийн дешархошца нохчийн меттан экзамен д1айалан кечам баран болх жигара баккхар. | апрель, май | хьехархой | |
| 5 | Ворх1алг1ачу классехь диллина хьехарсахьт д1адахьар.<br>Уьссалг1ачу классехь диллина хьехарсахьт д1адахьар | апрель<br>апрель | Эскиева Л.К<br>Малыкхаджиева Х.М | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпал-лениг | Отчетан кеп |
|---|---|---|---|---|
| | **Пхоьалг1а кхеташо** | | | |
| 1 | Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллино 2024-2025-чуй дешаран шарахь бинчу белхан жам1аш дар, мах хадор. | | | |
| 2 | Ишколехь д1адаьхьначу нохчийн меттан Де даздарна леринчу нохчийн меттан, литературин к1иранан жам1аш дар, мах хадор. | | ШМЦ куьйгалхо | |
| 3 | Дешаран шарахь нохчийн меттан, литературин хьехарсахьташкахь функциональни, йешаран говзалла йукъалош бинчу белхан таллам бар дийцаре дар. | | | |
| 4 | Дешаран шо чекхдолуш кхочушбечу талламан белхийн тексташ кечйар. Программашца лара ца лучу, дешарна ледара болчу дешархошца къаьстина бина болх бийцаре бар. | 16.05. 2025шо. | | ШМЦ кхеташонехь |
| 5 | Уьссалг1ачу классийн дешархошца нохчийн меттан экзамен д1йаялан кечам баран болх бийцаре бар. | | | |
| 7 | Доклад: «Нохчийн меттан, литературин урокашкахь хьехархочо дешархошца цхьаьна къахьоьгуш уьш 1аморан х1инцалера методически некъаш» | | Мутушова М.Х. | |
| | **Т1едиллар** | | | |
| 1 | Нохчийн меттан, литературин методически цхьаьнакхетараллин декъашхоша керлачу 2024-2025-чуй дешаран шарахь шайна хьалха гуш долу декхарш билгалдахар. | Май | ШМЦ куьйгалхо | |
| 2 | Нохчийн меттан, литературин хьехархоша белхан программаш т1ехь бан лерина болх бийцаре бар. | | хьехархой | |

## Нохчийн меттан, литературин хьехархойн ишкольни методически цхьаьнакхетараллин декъашхоша классал арахьа бен болх

| Терахьийн | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпаллениг |
|---|---|---|---|
| 1 | «Сан нана, хьо хасто дош суна дисна дац…» нохчийн зудчун Денна лерина литературни композици. | сентябрь 2024 шо | Мутушова М.Х |
| 2 | «Кхойтта шаре бахбелла некъ» ц1е йолу вайнах лаамаза Даймахках бахарна лерина йуьртарчу къаношца цхьаьнакхетар. | февраль 2025 шо | Мутушова М.Х.<br>Эскиева Л.К. |
| 3 | Нохчийн меттан Де даздарна лерина нохчийн меттан, литературин к1ира д1адахьар. | апрель 2025 шо | Эскиева Л.К.<br>Малыкхаджиева Х.М. |
| 4 | «Нохчийн мотт–г1иллакх-оьздангаллин бух» ц1е йолу литературно–эшарийн композици. | апрель 2025 шо | Мутушова М.Х.<br>Эскиева Л.К.<br>Малыкхаджиева Х |



# Нохчийн меттан, литературин хьехархойн ишкольни методически цхьаьнакхетараллин декъашхойн говзалла лакхайаккхар

| Терахьийн рог1алла | Г1уллакхийн ц1ераш | Хенаш | Жоьпалleниг |
|---|---|---|---|
| 1 | Нохчийн дешаран белхалойн говзалла лакхайаккхаран институтан нохчийн меттан, литературин кафедран курсашкахь хилар. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 2 | К1оштан семинарашкахь хилар. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 3 | Республикин а, к1оштан а, ишколан а тоьллачу хьехархойн зеделларг 1амор. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 4 | Программийн хала теманаш йийцаре йар. Хьехаран керла некъаш (методика) бийцаре бар. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 5 | Дешархойн хаарш талла тесташ, т1едахкарш, гайтаман г1ирсаш дешаран стандарташца (ФГОС) бог1уш кечбар. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 6 | Хьехар тодаран а, дешархойн хаарш к1аргдаран а 1алашонца методикин г1ирсаш кечбар. | шеран дохаллехь | ШМЦ декъашхой |
| 7 | Хьехархочо ша-шен кхиоран т1ехь болх беш методикин а, исбаьхьаллин а литература йешар. | шеран дохаллехь | хьехархой |
| 8 | Эвсараллин-инновационни технологеш лахар а, уьш дешаран стандарташца (ФГОС) йог1уш шайн балхана йукъайалор а. | шеран дохаллехь | хьехархой |